

## PWOJÈ ENKLIZYON DIJITAL "Rediksyon Frakti Dijital"

### Enstriksyon sou Enstalasyon pou Itilizatè Final


Pwojè "Enklizyon Dijital" Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la te enstale yon sistèm operasyon (OS) *Neverware CloudReady Chrome* sou òdinatè nou an. Sa pral bay pitit ou yon eksperyans similè pou gen aksè nan lojisyèl edikatif lakay li / menm jan ak lekòl la. Rezo aksè WiFi (san fil) oswa avèk fil obligatwa pou ni konfigirasyon inisyèl la ni izaj jeneral òdinatè a. Anba la a w ap jwenn enstriksyon etap-pa-etap sou kijan pou finalize pwosesis konfigirasyon/enstalasyon an.

#### Konfigirasyon Inisyèl (Kont Paran – Pwopriyetè)

Yo rekòmande anpil pou se yon paran ki kreye premye kont la sou òdinatè sa a epi se li menm k ap pwopriyetè òdinatè a. Yon kont *Gmail* obligatwa pou pwosesis sa a. Etap ki anba la a yo enkli kreye yon kont *Gmail*, si sa nesesè.

1. Lè mo *Byenveni (Welcome)* parèt sou ekran an, klike sou bouton ble **Let's Go**
2. Chwazi rezo WiFi ki apwopriye a epi konekte (Remak: si pa gen okenn WiFi nan kay la, itilizatè yo kapab konekte nan lokal piblik ki gen WiFi, pa egzanp, *McDonald*, *Starbuck*, *Panera Bread*, Bibliyotèk Piblik, elatriye)
3. Klike bouton **CONTINUE** pou aksepte akò Koleksyon Done Anonim nan – (*Anonymous Data Collection*)
4. Antre adrès *Gmail* nan bwat Antre imèl ou (*Enter your email*) ((Remak: si ou pa gen yon kont *Gmail* klike sou Plis opsyon (*More options*), Kreye Kont pou kreye yon kont *Gmail*.)
5. Mete foto pwofil ou ak chwazi youn nan imaj yo epi aprè, klike sou bouton **OK**
6. Klike sou bouton **GET STARTED** pou fèmen bwat dyalòg
7. Klike sou bouton **OK** pou aksepte akò sou izaj "cookies" yo  
(Remak: Motè rechèch (*Browser*) ap ouvè pou sit entènèt *Neverware.OS* sa a gratis pou izaj lakay, kidonk pa achte vèsyon Edikasyon oswa *Entrepriz* yo.)
8. Klike sou "X" nan kwen anwo dwat nan bwat dyalòg la pou fèmen fenèt enfòmasyon an

#### Enstalasyon *Adobe Flash & Eleman Medya* ki gen Patant

1. Konekte kòm paran (mèt kont la) nan *Chrome OS*
2. Peze bouton **Shift + Alt + S** anmentan pou ouvè meni an
3. Klike sou ti senbòl angrenaj la (**gear icon**)  pou ouvri meni Konfigirasyon an
4. Desann nan *Media Plugins* epi klike sou bouton **install** pou enstale *Adobe Flash*
5. Klike bouton **Accept License** pou dakò pou bay akò w kòm itilizatè
6. Desann nan *Media Plugins* epi klike sou bouton **install** pou enstale *Proprietary Media Components*
7. Klike bouton **Accept License** pou dakò pou bay akò w kòm itilizatè
8. Klike sou bouton **RESTART NOW** nan mesaj dyalòg pou rekòmanse òdinatè a

#### Enstalasyon Kont Elèv

Elèv yo ap itilize non itilizatè ak modpas Distri Lekòl Rejyon Palm Beach pou kreye kont adisyonèl nan òdinatè sa a. Pou kreye yon lòt kont (elèv) sou òdinatè sa a:

1. Sou ekran pou konekte a, klike bouton **Add Person** (agoch anba ekran an)
2. Antre adrès imel Distri elèv la (*S + student number + @stu.palmbeachschools.org*), klike bouton **Next** la
3. Antre modpas Distri elèv la, klike **Next**
4. Klike "X" nan kwen anwo adwat pou fèmen bwat dyalòg la
5. Siyen nan pòtay la avèk non itilizatè ak modpas Distri a